



Kouran Done Pwovizyon Dwòg nan Massachusetts (MADDS) Mizajou sou Dwòg Lari: Metanfetamin

Metanfetamin ap ogmante nan Massachusetts

Yo te jwenn de plizanplis metanfetamin (meth) atravè Massachusetts. Pafwa yo te jwenn meth nan grenn ki vann kòm Adderall. Meth se yon **dwòg ki aji rapid** ki bay moun plis enèji epi ki fè yo pi kontan, plis konsantre, mwens fatige, ak mwens grangou.

Metanfetamin ka afekte sante w

Konsome meth ka mennen a **batman kè pi rapid ak pa regelye, tansyon wo, pwoblèm ren, wè oswa tande bagay ki pa la, santi yo pèdi kontwòl, paranoya.**

Yo rele konsomasyon meth ak dwòg ansanm ("eksplòzyon") "goofballing" epi fè yon moun gen plis chans fè yon ovèdoz. **Li posib ke fentanyl ka melanje nan meth. Li posib tou ke meth melanje nan fentanyl.** Piske melanj sa yo kapab inatandi pou ou menm, pou moun ki bò kote ou yo ak prestatè swen sante yo, prepare w, aprann siy ovèdoz yo ak sa pou w siveye.



Meth la ka prezante sou fòm kristal blan, poud blan gou anmè, oswa grenn, jan yo montre la a.

Pran swen tèt ou and lòt yo

- **BWÈ DLO AK RETE FRÈT** pandan itilizasyon meth la. Toujou gen manje bò kote w epi desann yon kote pou dòmi an sante. Dòmi anpil epi manje ak swen lè w pa santi w ay.
- **POTE (AK ITILIZE) KAPÒT** si w pral fè sèks pandan w ap konsome meth. Sèks san pwoteksyon mete ou nan yon pi gwo risk pou atrape VIH ak lòt enfeksyon seksyèlman transmisib (STIs).
- **RETE KALM AK JWENN ÈD** si w kòmanse santi w pa gen kontwòl oswa si w pa alèz. Bwè dlo epi kenbe kò ou fre, mete twal mouye sou fwon ak kou w epi rete nan kote ki gen lonbraj.
- **RETE KALM AK JWENN ÈD** si ou wè yon moun ki gen yon kriz sante mantal.
- **POTE NALOXONE** (egzanp, Narcan) menm si ou pa prevwa pou w konsome dwòg - kapab genyen fentanyl nan meth ou a (oswa meth nan fentanyl ou).
- **BAY NALOXONE AK RELE POU ÈD** nan ka ou sispèk yon ovèdoz opioid.
- **KONSILTE PWOGRAM LOKAL REDIKSYON DOMAJ W** pou jwenn naloxone, founiti pou itilizasyon san danje ak konsèy sou pwoteksyon nan rapò seksyèl, depistaj IST ak verifikasyon dwòg ak MADDS.

MADDS se yon kolaborasyon leta finanse ant chèchè Brandeis University, Depatman Sante Piblik Massachusetts, divès depatman lapolis nan vil yo, ak ajans lokal pou rediksyon domaj yo. Eskane kòd QR la, [klike la a](#), oswa kontakte nou nan maddsbrandeis@gmail.com, eskane kòd QR la, oswa pou plis enfòmasyon



Lè w pran twòp meth yo rele sa ("sichaje") "overamping" epi li ka mennen a atak kè, kriz malkadi, oswa konjesyon serebral (estròk).

KONNEN SIY YO:

Santi Gwo Chalè Malèz oswa vomisman

Doulè Pwatin

Kriz oswa gwo latranblad

Paka ret chita san bouje

Respirasyon iregilye oswa kout

Santiman ke w pèdi kontwòl

Konsyans eksef anviwonman

An kolè fasil oswa vin vyolan

Si w wè oswa santi nenpòt nan siy sa yo apre w fin konsome meth la, rete kalm epi jwenn èd!